



8 desanm 2023

Chè Elèv, Fanmi, Anplwaye, ak Manm Kominote Lekòl Piblik Lawrence:

Lawrence Alliance for Education (LAE) kontan anonse nou ke n ap lanse rechèch pou pwochen Sipèentandan Lekòl Piblik Lawrence (LPS) epi envite w patisipe nan pwosesis sa a.

Vwa ou enpòtan anpil pou rechèch sa a, epi nou te planifye yon pwosesis solid ak transparan ki enkli opinyon kominote a. Nou espere ou pral pataje pèspektiv ou sou sa ki inik ak espesyal sou Lawrence, domèn ki bezwen amelyorasyon, ak opinyon ou sou konpetans ak eksperyans ou vle nan pwochen lidè distri nou an. Nou fè patenarya ak Alma Advisory Group, yon konpayi rechèch pwofesyonèl ki espesyalize nan yon pwosesis ki santre sou ekite, pou ede ak yon rechèch nasyonal pou kandida. Yon entwodiksyon sou Alma ak yon apèsi sou pwosesis rechèch la pral fèt nan [Orè Kafè Sipèentandan](#) an le 12 desanm ^a 5:30 pm ak nan [reyinyon LAE](#) a le 13 desanm ^a 6:00 pm.

Patisipasyon w nan reyinyon kominotè yo enpòtan anpil pou rasanble enfòmasyon ak fidbak. Nou envite w patisipe nan yon reyinyon an pèsòn nan youn nan dat sa yo. Yo pral bay gadri ak rafrechisman.

- **Mèkredi, 17 janvye** ^{nan} **Parthum Elementary School – 6:00-8:00 pm**
- **Jedi, 18 janvye** ^{nan} **South Lawrence East – 6:00-8:00 pm**

N ap ofri lòt opòtinite tou pou elèv yo, fanmi yo ak manm kominote yo pou yo angaje yo nan rechèch pou yon nouvo sipèentandan, tankou:

- **[Rechèch Sipèentandan webpage](#)**: Mizajou sou estati rechèch sipèentandan an, detay sou reyinyon kominotè yo, ak yon lyen ki mennen nan sondaj la pral afiche sou paj sa a sou sitwèb distri a.
- **Yon sondaj kominotè** : Sondaj la ap envite ou pataje sa ou renmen nan LPS, idantifye domèn kote ou espere wè amelyorasyon, lis konpetans ak eksperyans ki pi enpòtan pou pwochen sipèentandan an, epi idantifye defi yo pral adrese pi devan. Lyen ki mennen nan sondaj la ap disponib sou paj wèb rechèch Sipèentandan an.
- **Gwoup konsantre ak entèvyou sou plas** : Reprezantan Alma Advisory Group-- ekip rechèch la--ap nan Lawrence pou pale ak elèv yo, manm estaf yo, ak lidè kominotè yo **17 ak 18 janvye**. Envitasyon pou swiv.
- **Reyinyon kominotè vityèl** : Pou moun ki pa kapab patisipe nan reyinyon an pèsòn yo 17 ak 18 janvye, yo pral òganize reyinyon kominotè vityèl yo nan fen mwa janvye. Envitasyon pou swiv.

Kòm toujou, nou rekonesan ak ankourajman pa lidèchip Sipèentandan Pwovizwa Juan Rodriguez la paske li te sipòte pwogrè kontinyèl lekòl nou yo pandan 12 mwa ki sot pase yo. Mèsi pou patenarya ou pandan n ap lanse pwosesis sa a kòm yon kominote pou chwazi pwochen sipèentandan Lekòl Piblik Lawrence yo.

Sensèman,
Patricia Mariano
Prezidan Konsèy Administrasyon an, Lawrence Alliance for Education